



# Videyo: Pwosesis AKTIVITE

Lakou  
Kajou


[www.lakoukajou.ht](http://www.lakoukajou.ht)

1. **Fabrike jwèt.** Mande elèv ou yo reflechi sou fabrikasyon jwèt ak bagay ki sèvi deja epi swiv yon pwosesis. i) Imajine sa yo ka fè, ii) Fè yon plan, iii) Rasanble zouti ak materyèl, iv) Kreye, v) Amize ak jwèt la. Kèk egzanp bagay ki ka sèvi: woulo papyè twalèt, fil pou cheve epi kreyon pou desinen figi pou fè ti poupe ; boutèy plastik ak bouchon pou fè ti machin ; bwat fè blan ak fisèl pou fè telefòn, eks.
2. **Moulen Van.** Avèk yon moso papyè kare, yon ti klou, sizo ak yon ti baton, fè yon moulen van.


i. Pran yon moso papyè kare. (Papyè a ta dwe pwès, si sa posib.)




ii. Pliye li an mwatye, kwen pou kwen 2 fwa, epi ouvè li ankò.




iii. Kòmanse nan chak kwen, koupe sou liy pliye yo, monte nan direksyon sant lan, rive nan yon tyè longè a.



iv. Pliye tout pwent yo rive nan mitan an.



v. Pike ti klou a lan nan mitan pou tache 4 pwent yo ak ti baton an (Asire ou ke gen plas pou papyè a vire sou klou a.)



vi. Kenbe bwa a dwat. Soufle nan youn nan "pòch" zèl yo pou moulen an vire.

3. **Teyat emosyon ak santiman.** Di non yon emosyon epi mande elèv yo fè sanblan yo gen emosyon an (tankou pa egzanp: kontan, sezi, fristre, eksite, pè, tris, move, gaye).

4. **Desen santiman ak emosyon.** Mande chak elèv desinen you moun ki gen yon santiman oubyen emosyon diferan. Palesou desen chaktimoun pou montre jan chak moun ilistre santiman yo. Afiche desen yo nan klas la.

5. **Fè kolaj fòm ak koulè.** Dekoupe diferan fòm (tri- yang, kare, sèk) ak papye koulè oubyen papye bonbon ak kado ki fin sèvi. Kwit yon ti farin nan dlo pou fè lakòl. Mande elèv ou yo kreye desen ak fòm yo (flè, lapen, kap).

